АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

Шамил районалъул газета

# ЦОЛЪИ

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№5 (10103)

РУЗМАН

9 февраль 2024 сон

28 РАДЖАБ 1445 СОН

Единство | Газета къватІибе уна моцІида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ ДАНДЕЛЪИ

М.ХІасанов:

## «ЖамагІаталъе мунпагІат букІин буго нилъер мурад»

**1 февралалъ райадминистрациялда тІобитІана иргадулаб росдал бегавулзабазул данделъи. Гьаб соналъул тІоцебесеблъун бугеб данделъиялда бегавулзабазда цере лъун рукІана 2024 соналъе масъалабиги, араб соналъул цо-цо бутІабазда гьарурал хІалтІабазул хІасилалги.**



Районалъул бетІерасул нухмалъиялда гьоркь тІобитІараб данделъиялда гІахьаллъана районалъул прокурорасул заместитель ХІ. ГІонжолов, ОМВДялъул нухмалъулев М.МухІамадов, райсобраниялъул председатель М.Хизроев, цо-цо идарабазул нухмалъулел ва администрациялъул жавабиял хІалтІухъаби.

ТІоцебесеблъун букІана налогал ракІариялъул ва росабазул администрациязул ФНСалъ мекъи тІаса ккурал налогазул суал. Гьеб суалалдасан мухІканаб баян кьуна ва налогал жанир кьолаго тартиб цІунизе ккеялъул бичІчІизабуна экономикияб отделалъул специалист МахІмуд ГІашикъиловас. Районалъул ва росабазул бюджеталде рачІунел налогаз гІемераб хІалтІи рагІалде бахъинабизе рес кьола. Гьеби бичІчІизабун М.ГІашикъиловасул кІалъаялде тІадежубай гьабуна районалъул бетІер МухІамад ХІасановас ва финотделалъул нухмалъулесул ишал тІуралев ШагІбан МухІамадовас.

(Хадусеб 2-леб гьум.)

■ ЖАМАГІАТАЛДЕ ХИТІАБ

## ЦІаялдаса цІуна-къай гьаби – гІададасеб заман чІвай кколаро!

**2024 сон байбихьаралдаса Дагъистаналда 150-са цІикІкІун цІа ккана ва гьелдалъун 6 чи хвана. Нилъер районалда ккана 4 цІа. Киназдаго рагІараблъун ккана ГІасаб анлъго хъизаналъ жаниб гІумру гьабулеб рукІарал рукъзал рухІи. Гьединго, цІаял ккана Гъ.Бакълъухъ, Къелеб мухъалъул Хьиндахъ ва Хьонохъ росабалъ. Аллагьас цІунун гІадамазе кварилъи ккечІо, амма квачараб хасалил заманалъ жанир рукІине мина гьечІого 8 хъизан хутІана.**

Гьеб квешаб ахІвал-хІалги хІисабалде босун, нижеца цІехрех гьабуна МЧСалъул №17 отделениялъул нухмалъулев Мурад ХІамзатовасда. Гьадинаб баян кьуна гьес ккарал цІаязул: «Аслияб хІалалъ цІа ккеялъе багьаналъун руго къачІачІого, хисичІого тарал токалъул басриял кварал, жагъаллъараб кІкІуйтІала ва тІалаб гьечІого тарал токалъул пучдул. ГІумруялъ гьабураб магІишат цо параялда жаниб тІагІарав, цІаялдалъун хъизанрукъалде кварилъи бачІарав чиясда гурони бичІчІуларо цІадудаса цІуниялъе гьабулеб хІалтІиялъ бахъулеб заманги гІарацги чІобогояб, гІададисеб иш гуреблъи! ЛъикІаб цІуна-къай гьабуни цІа ккеялъул хІинкъи 0%-де бачине кІола».



хІинкъи гьечІеблъун бугищали тІалаб гьабизе ккола. Санайил цІадул балагьалдасан хваразул 70% цІадулгун цІодорлъи гьабичІолъиялъул хІасил буго. Киданиги гІисинал лъимал ругел бакІалда бакараб свеча, ялъуни рагьараб цІа тезе бегьуларо. Киназдаго лъалеб, амма гІемерисез тасамахІлъи биччалеб жо буго гьеб. Цо гьитІинаб тохлъиги гІола кІудияб балагьалъе.

Хасалил гІужалъ, моцІида жаниб цо нухалъгІайги, токалъул кварал, розеткаби, предохранителал щулаго ругищали балагьизе лъикІаб буго, хасго хинлъи кьолел къуватал алатал ругел бакІазда. Предохранителалги гьечІого, токалъул алатал хІалтІизарулеб бакІалда кваразул контакт гІечІого замыкание ккезе рес буго. Гьелъ тІалаб гьабизе ккола предохранителал лъезе ва токалъул пучдул нужго рокъор гьечІеб мехалъ риччачІого тезе.

### Специалистасул малъа-хъваял

«ТІоцебесеб иргалда мина

(Ахир 2 гьум.)

*Къалам, дуца шуре щакъиялдехун*

### Юбилейгун, Сайпула ГьитІинамухІамадов!

**10 февралалъ гІумрудул 75 сон тІубай кІодо гьабула Ругъелдаса хъвадарухъан, журналист, райгазеталъул вукІарав редактор ГьитІинамухІамадов Сайпула Чупановичас. «Цолъи» газеталъул редакциялъ ракІ-ракІалъ баркула Сайпула ГьитІинамухІамадовасда гІумруялъул гьайбатаб юбилей!**

3 гьум.

*Зигара*

### Гъазалиев МухІамад Гъазалиевич

**2 февралалъ къокъабго унтудаса хадув, нилъедаса ватІалъана лъикІав инсан, мисалияв нухмалъулев, Гьандихъ гьоркьохъеб школалъул директор Гъазалиев МухІамад Гъазалиевич. РакІбацІцІадго хІалтІи бачарав, киданиги ритІухълъиялъул рачел чучизе биччачІев, лъайгІакълу камилав, пишацоязе мисаллъун вукІарав МухІамад Гъазалиевас гьаб дуниял тей, гІагарлъиялъеги росдаеги гуребги, тІолго районалъего кІудияб ками буго.**

4 гьум.

■ АБАДИЯЛЪЕ ХУТІАРАЛ ЦІАРАЛ

### МухІамадов МухІамад МуртазгІалиевич

**Дагъал церегІан къояз рагъулал лъугьа-бахъиназул майданалдаса цоги нилъер районцоясе кварилъи ккараб хабар щвана. СВОялда хъулухъ тІубалев вукІарав 41 сон барав ТІелекьа МухІамадов МухІамад МуртазгІалиевич 27-леб январалъ къадаралде щун вуго.**

**НИЖЕР БАЯН:**



*МухІамад МухІамадов гьавуна 1982 соналъ Шамил районалъул ТІелекь росулъ.*

*ЛъугІизабуна ТІелекь гьоркьохъеб школа. 2000-леб соналъ армиялъулаб хъулухъ тІубазе ана Алтайский краялъул Барнаул шагьаралде.*

*2023 соналъул 25-леб декабралда контрактияб къотІи-къайги гьабун рагъулаб хъулухъ тІубазе байбихьун буго. 2024 соналъул 6 январалда ана Украиналда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялде, Донецкалде.*

*Январь моцІалъул ахиралда МухІамадов МухІамад МуртазгІалиевич къадаралде щун вуго.*

*Вукъана МухІамад МухІамадов дагъал церегІан къояз МахІачхъалаялда.*

Гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго МухІамадил хъизан-рукъалда, яцал-вацазда ва тІолабго гІагарлъиялда.

ГІумруялъул завалалда нилъедаса ратІалъулел ругел гІолилал хутІила кидаго нилъер рекІелъ бахІарзаллъун. Хваразе Алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе бихьараб хІехьезе сабру кьеги Аллагьас.

Райадминистрация ва редакци

■ РАГЪУЛ ГIАХЬАЛЧАГIАЗЕ БАЯНАЛЪЕ

# СВОялъул гIахьалчагIазе квартираби



**Республикаялъул полициялъул хIалтIухъабазе ва СВОялъул гIахьалчагIазе гьанже гIагар заманалда кьуна 141 квартира. Квартираби тIалаб гьарун 2024 соналда СВОялъул гIахьалчагIаз кибе хитIаб гьабизе кколеб ва иргаялда гьел кир чIезе кколел суалазе жаваблъун кьолеб буго гьаб баян. Жеги цIикIкIун мухIканлъи щвела социалияб рахъ цIуниялъул идараялдаса.**

**Квартираби тIалаб гьаризе ихтияр букIуна:**

1. СВОялда гIахьаллъарал аскариязул ва хъизамалъул чагIазул;
2. СВОялда сакъатлъарал аскариязул;
3. СВОялда хварал ва гьединго хабар гьечIого тIагарал аскариязул.

СВоялъул гIахьалчагIаз квартираби тIалаб гьарун, хитIаб гьабизе ккола халкъалъул социалияб рахъ цIуниялъул идараялълъул бакIалъул отделениялде.

**Гьенире кьезе кколел документал:**

1. Квартира кьейин абун гIарза;
2. Паспорталъул копия;
3. ГIумру гьабулеб бакIалда хъвай-хъвагIай букIиналъул хIакъалъулъ свидетельство;
4. СВОялъул гIахьалчиясул удостовериниялъул копия;
5. Квартира щвеялъе ихтияр бугин абулеб документ;
6. Квартираялде хIажалъи тасдикъ гьабулеб документ.

**СВОялъул гIахьалчагIазе рукъзал (квартираби) кьола батIи- батIияб куцалда:**

1. ХIукуматалъул яги муниципалитеталъул мулкалдаса;
2. Квартира босизе субсидия хIисабалда;
3. Рукъалъул (жилищный) сертификаталдалъун.

ЧIобого квартира кьола «СВОялъул рагъул ветеран» абураб статус бугев ва квартираялде хIажалъи бугев чиясе.

Квартира босизе субсидия, яги рукъалъул сертификат кьола «СВОялъул рагъул ветеран» абураб статус бугев чиясе, жинцаго гьеб босизе рес бугониги. Гьесул ихтияр букIуна иргалда чIечIого квартира тIалаб гьабизе.

**Босана «Права семей» абураб сайталдаса**

**https://pravasemei.ru/zhile/kak-poluchit-zhile-uchastniku-svo/**

■ ДАНДЕЛЪИ

**М.ХIасанов:**

# «ЖамагIаталъе мунпагIат букIин буго нилъер мурад»

**(Байбихьи 1-себ гьум.)**

Гьединго, цIакъ кIвар бугеблъун букIана росабалъ цIа свинабизе лъим чIезабиялъул суал. №43 пожарный часталъул нухмалъулев М.ХирамухIамадовас бицана цIаял ккарал бакIазда дандчIвалел ругел квал-квалазул: «Хасалил моцIаз нилъер районалда цIакъго гIемерал цIаял ккана, гIадамазе къварилъи ккечIониги, тIубан мина-къайи лъугIарал чIахIиял цIаял ккана ГIасаб ва Къелеб-Хьиндахъ. ЦIа свинабулеб машина росулъе бачIиндал, гьединго гьел къваридал нухазда, гIадамазул машинабиги ратидал, кIудияб квал-квал ккола нижее. Гьединго, росулъ букIине ккола санагIалъи лъим цIолеб бакIалде аскIобе цIа свинабулеб машина бачине».



Лъадакълъи бугел росабалъ лъел хIавузал разе ва цIаял ккеялдаса цIуна-къай гьабиялъул хIалтIи гьабиялъе тIадкъаял кьуна районалъул бетIер М.ХIасановас. Гьединго, мисалиялъун гьес бачана Хучада росдал бегавулас жиндицаго росун росдал авалазда огнетушителал чIезари.

- Гьесул мисалалда нахърилълъун, росдал депутатазгIаги цIа свинабулел алатал чIезаризе ккела росабалъ,-ин абуна М.ХIасановас.

Рищни-къул бакIариялъул суал борхун кIалъана ОМВДялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадов. Гьес бицана отделалъ рацIцIалъи чIезабиялъе ва изну гьечIел бакIазде рищни бай гьукъиялъе гьабулеб бугеб хIалтIул. Гьеб суалалдаса тIадкIалъаялги гьарун, киналго данделъарал рачIана моцIрол ахирисеб рузманкъо санитарияб къолълъун чIезабиялъул хIукмуялде. Февралалъул ахиралдаса байбихьун районалда субботникал гьари цIилъизабеян лъазабуна М.ХIасановас.

Март моцIалъ Россиялъул президент вициялъул тадбирал тIоритIиялъул баян кьуна данделъаразе ТИКалъул председатель ГIумархIажи ГIалиевас. ТIолго пачалихъалда рищиязе рихьизарун ругел цого тайпаялъул тIалабазулги бицун, бегавулзабаз чIезаризе кколел шартIал ричIчIизаруна гьес.

Ракьазул гIорхъаби чIезариялъе гьабураб хIалтIул баянгун цеве вахъана экономикияб отделалъул специалист МухIамад ГIумарасхIабов. Гьес бицана араб соналда жаниб 12 росдал гIорхъаби чIезарунин ва 63 территориалияб зонаялъул гIорхъаби хIукуматалъул базаялде жанире росанин. Цереккун хIисабалде росун рукIарал объектал (раеучтенные объекты недвижимости) жанир роси бугин гьаб соналъул аслияб масъалайинги бичIчIизабуна.

Хадубккун, «Цолъи» газеталъе подписка росабазул бутIруз гьабиялъул баянгун цее яхъана бетIерай редактор ПатIимат МухIамадова. Гьединго, исанасеб соналде редакциялъ цере лъун ругел масъалаби рехсана ва бегавулзабазул рахъалдаса цадахъаб хIалтIиялъе хIажатаб бицана.

ЛъикIаб хIасил-мурад бугеб ва гIемерал кIвар бугел суалал рорхараблъун лъугьана гьеб данделъи. Щибаб бутIаялда гьабураб хIалтIудалъун районалъул гIумру-яшав лъикIлъизабиялъе буюрухъал ва тIадкъаял кьуна районалъул бетIерас.

**ТI. МУХIАМАДОВ**

■ ЖАМАГIАТАЛДЕ ХИТIАБ

# ЦIаялдаса цIуна-къай гьаби – гIададасеб заман чIвай кколаро!



**(Байбихьи 1-себ гьум.)**

Лъималазеги малъа-хъваял гьаруни лъикI букIина. Нижеца школазда, садиказда гьарула цIа ккеялдаса цIодорлъи гьабиялъе кучалел хIалтIаби. Амма эбел-инсудаги тIадаб буго лъималазухъе щолеб бакIалда спичкаби, зажигалкаби рукIунаредухъ тIалаб гьаби ва гьезда цIадул балагьалдаса хIакъалъулъ бицине,»-ян бичIчIизабуна Мурад ХIамзатовас.

### ЛъикIаб мисал

ЦIа ккеялдаса цIуниялъе алатал (огнетушителал) роси буго цIадул балагьалдаса цIодорлъи гьабиялъулъ кIудияб бакI кколеб иш. Бокьарав чияс босун гIодоб лъуни огнетушитель, цо жидерго авалалъегIайги мунпагIаталъе батизе рес буго. Гьединаб цIодорлъиялъул лъикIаб мисаллъун буго Хучада росдал бегавул ХIамзат МухIамадовас росун огнетушителал лъун руго жидерго росдал авалазда. Араб анкьида тIобитIараб данделъиялда районалъул бетIерас гьеб мисал цогидазги такрар гьабизе лъикIаблъун букIин бихьизабуна.

### Минаялъе бетIергьанлъи чIезабе

Гьединго, кIвар бугеблъун буго рукъзазул ва бугеб магIишаталъул букIине кколедухъ, къануназда рекъон документал хIадурун рукIи. 50азарго гъ. буго бищун цIикIкIун хIукуматалъ гьезие бихьизабураб кумек. Бокьараб тIабигIияб ва цогидаб балагьалдалъун зарал ккараб мехалъ хIукуматалъул рахъалдаса кумек щвезе кkани ракьалъулги минаялъулги бетIергьанлъи чIезабун букIине ккола тIоцебесеб иргалда. Нилъер районалда ункъабго цIа ккараб минаялъ цоязул гурони документал ратичIо. Гьелъ захIмалъизарула райадминистрациялдасан гьезие кумек гьабизе нухалги. Жакъасеб федералияб 218-аб. законалда рекъон цIакъ бигьаго ва учузго чIезабизе бегьула минаялъул бетIергьанлъи. Хадубккун хважаинлъи бихьизабулел документал щвей захIмалъизе буго. ГIедегIе нужерго магIишат нужедего буссинабизе!

**П. МУХIАМАДОВА**

■ КЪАЛАМ, ДУЦА ШУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# Юбилейгун, Сайпула ГьитIинамухIамадов!



**10 февралалъ гIумрудул 75 сон тIубай кIодо гьабула Ругъелдаса хъвадарухъан, журналист, райгазеталъул вукIарав редактор ГьитIинамухIамадов Сайпула Чупановичас. «Цолъи» газеталъул редакциялъ ракI-ракIалъ баркула Сайпула ГьитIинамухIамадовасда гIумруялъул гьайбатаб юбилей!**

Сайпула ГьитIинамухIамадов гьавуна 1949 соналъ Ругъелда росулъ. Гьениб 8 сонилаб школа лъугIигун, цIализе лъугьана Дагъистаналъул медучилищеялде.

1967 соналъ училище лъугIигун, хIалтIизе витIана Мусрухъ медпунктальул нухмалъулевлъун. ХIалтIана Ругъелда участкаялъул больницаялдаги.

1976 соналъ заочно цIализе лъугьана Дагъ-университеталъул филологияб факультеталде. 1980-1982 саназ хIалтIана Ругъелда школалъул интерналъул нухмалъулевлъун.

1982 соналъ тIамуна Советский райбольницаялъул бетIерав тохтурасул магIишатияб рахъалъ заместительлъун, цадахъго хIалтIана райбольницаялда медбратлъун.

1989-2009 соназ хIалтIана районалъул КЦСОНалъул отделалъул нухмалъулевлъун. 2006 соналдаса нахъе хIалтIулев вуго республикаялъул «ХIакъикъат» газеталъул штаталда гьечIев мухбирлъун.

2009-2011соназ Сайпула хIалтIана районалъул «Цолъи» газеталъул бетIерав редакторлъун. 2015 соналдаса нахъе С.ГьитIинамухIамадов ккола Кавказалъул хъвадарухъабазул союзалъул членлъун. Гьес къватIибе биччана кучIдузул ва харбазул лъабго тIехь.

Руго Сайпулагьил райадминистрациялъул, «ХIакъикъат» газеталъул, ЦРБялъул рахъалъ щварал гIемерал ХIурматалъул грамотаби. 2019 соналъ С. ГьитIинамухIамадовасе къуна Сергей Есенинил меседил медаль. «Правда» газеталъ 100 сон тIубаялда хурхун щвараб медальги буго гьесул.

Жакъа къоялъ Сайпула ГьитIинамухIамадов вуго хIухьбахъиялда. Амма «Цолъи» ва «ХIакъикъат» газетазулгун бухьен къотIизе биччаларо Сайпулагьица. Гьес мустахIикъал районцоязул, махщелчагIазул, гIадамазул гIумруяшавалъул хIакъалъулъ хъварал макъалаби гIемер рачIуна редакциялде.

Ниж цIакъ чIухIарал руго Сайпулал захIматалъулаб хIаракатчилъи районалъул газеталъул редакциялъе нухмалъи гьабиялда хурхун букIиналдаса. Жакъа мустахIикъаб хIухьбахъиялда вугониги, Сайпулаца нижергун бухьен лъугIизе течIо. Районалъул халкъалъе ва тIолго магIарулазе гьес рагьана гIадатиял гIадамазул гIумруялъул ва захIматалъул тарих. Сайпулал къалмида гъоркь рижарал пасихIал рагIабаздаса гIуцIарал кучIдул нижеца гьираялда къватIире кьола. Жиделъ хаслъиги, гъваридаб магIнаги, цIализе бигьалъиги букIиналъ, нух бахъана гьесул асараз цIалдолезул ракIазулъе. Гьарула Сайпулае тIадеги къалмил бегIерлъи, щулияб сахлъи ва рекIее парахалъи.

**Редакция**

**Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**

### СВО-ЯЛЪУЛ РАГЪУХЪАБАЗДЕ

ВатIаналъе гIоло рухI кьун рагъулел,
МагIарул васазде урхъараб салам.
Росулъ хъизанал тун, эбел-эмен тун,
Улка бокьулезе боркьараб салам.

Нижер мурад буго СВО лъугIун,
Сах-саламатго нуж гьанир тIадруссин,
ТIад борчлъун ккаралги, жалго аралги,
Жагъаллъи ккечIого рокъоре руссин.

Нужгун кьалде ккарал неонацистал,
Ахир-къадги гьезул къавм щущах биххи.
Къойилго западалъ гьабулеб кумек,
Кинабго Россиялъ лъугIизе гьаби.

Нуж магIарулазул къадруги цIунун,
ЦIадул гуллил цIадакь цIунун хутIизе.
ХIинкъи-къай лъаларел мугIрузул цIумаз,
ЦIа гьездаги бакун, бергьенлъи щвезе.

ЦIар тарихалъ хъварав имам Шамилил,
Ирсилал нуж рукIин кIочонгутIизе.
Ккани рухIги бичун бахIарчилъигун,
ХIинкъи-къай гьечIезул кьерда рукIине.

Кьолон буго сапар, сасина рагъи,
Ракълил гIумруялде лъугьина нужги.
Лъала наслабазда тIаде къо ккейгун,
ХIинкъичIого рагъулъ лълъадарарал нуж.

### ЭБЕЛ ГЬЕЧIЕБ ТIИНЧI ГЬЕЧIО

Эбел гьечIеб хIинчI гьечIо, эбел гьечIеб тIинчI гьечIо,
ТIолго гIалам гIуцIарай чIужугIадан мун эбел.
РачIа жакъа хъат чIвазе чIаго ругел улбузе,
Гьез гIезе гьаруразул гIадамал лъугьаралъухъ.

РачIа кучIдул ахIизе, кинидахъ гьез ахIидал,
Керен кьун ракъигин къеч гьез къине гьабуралъухъ.
Сардал рорчIун, макьу тун,нилъ кьижизаруралъухъ,
Куркьбал нилъер гIезегIан кодор ккун хьихьаралъухъ.

Карандаса тIуниги,рекIедаса тIечIелъухъ,
ТIокIал гьелгIан урхъарал нахъа чи рукIинчIелъул.
КIудиял нилъ гIуниги,кIудиял ургъалабаз,
Аллагьасдаги гьардон,гьел хIалае чIаралъухъ.

Огь улбул,нижер улбул,нуж цоцада релълъарал,
Лъимадаса къиматаб жавгьар-якъут батичIел.
Бокьилаан ракьалда нуж кидаго рукIине,
Бакараб нужер цIадухъ цIорой рещтIунгутIизе.

### ГЕНЕРАЛ ТАНКАЕВ

МухIамад Танкаев, дур гIумруялъул
ГIураб мисал буго гIолохъабазе.
ГIурадаса лъелго Гъуниве хьвадун,
ГIелму цIалиялъе дур ракI цIараб куц.

Хадубги институт. Агроном вахъун,
Ахаз берцинлъизе росу гьабилин.
Амма улкаялда бугеб хIал бихьун,
Бокьун ккана дуе рагъулаб махщел.

Хисана институт. Бихьинчиясе
Борчизе рекъолин рачлихъ таманча.
Рагъул училище лъугIун хадуса,
Лъабго къоялдаса байбихьана рагъ.

Мун вагъана рагъул кор боркьаралъув,
Бокьулеб гIагараб ВатIан цIунизе.
ЦIарги дуе щвана чарамавилан,
Чанги гьужумазда мун чучичIелъул.

Дулъ бессун букIана жеги гьитIинго,
Гьал кьурабаз кьураб кьваригин къвакIи.
Кьоло щуго соналъ эркенлъи цIунун,
ЦIадулъ лълъадарарав Шамилил мисал.

Я вухIизе вукIин ахIуд лъаниги,
Лъиего къуркьичIев Хочбарил мисал.
Нус-нус магIарулаз гъазаватазулъ,
Хвалде данде арал васазул мисал.

Дур анищ букIана гIагараб улка,
Эркенлъун,тIадеги тIегьан бихьизе.
Рагъул захIмалъиги,гьелъул кьогIлъиги,
Лъидаго,кидаги бихьунгутIизе.

Рагъдаса хадубги лъай камиллъизе,
ЛъугIана рагъулал академиял.
Улкаялъ божилъи гьабуна дуде,
Дур бажари бихьун, дур гьунар бихьун.

Белоруссиялъул, Одессаялъул,
Рагъул округазул командирги мун.
Цинги Варшавалъул къотIи бугезул,
Къадруяв рагъулав вакиллъунги мун.

Мун гьаб районалъул халкъалъ вищарав,
Нижер депутатин Верхсоветалде.
Нус-нус гIелмабазул доктор хIалтIулеб,
Рагъулаб институт дур нухмалъуда.

Дуй генераласул чиналда цадахъ,
Чан орден-шапакъат щвараб тIадеги.
Польшагун ГДР, венгераз, чехаз,
Чилъиялъул орден бачIищ каранда.

Дуе Дагъистангин, мун гIураб Гьидалъ,
ГIагарал рукIана тIолго гIумруялъ.
ТIадегIанлъиялъул дарсал малъарал,
Росдал харабазе хилиплъичIо мун.

Мун гурищ Освенцим концлагералъул,
Каву тIун асирал хвасар гьарурав.
Пачалихъалъ кьураб тIадкъай тIубазе,
ВатIан тун къватIивги хьулухъ гьабурав.

МагIарул генерал, чармил генерал,
Чучлъизе борчараб рачел биччачIев.
БихьинчилъиялЪул гIамал-хасият,
ГIасрабаз хутIила мисал босизе.

### ТIАГIУНГЕ МУН РИТIУХЪЛЪИ

Кин бугеб мун ритIухълъи, тIадчагIазе чияраб,
Чангиял духъ урхъараб, багьа гIемер кьиматаб.
Къадру-кьимат чиясул мун сабаблъун борхулеб,
Бортун кодоса ани, киназего сурулеб.

Кин бугеб мун ритIухълъи, гьабунин багьа гьечIеб,
Багьанаде цо-цояз рихьдае гIадин хIалеб.
ХIилла-рекIкIгун рекъечIеб, даимго кьацандулел,
Къей-бергьенлъи лъазегIан, лъикIалан мех хIажатаб.

Дуе гIоло цо-цояз цIад гIарзабазулги хьван,
ГIемерал хIакимзаби тIад ургъизе тIамулеб,
ТIадбуссун жавабалъги, жеги жиб бергьинчIого,
Адвокатал, юристал гьорлъе рачине кколеб.

Цо-цоязе хирияб, цо-цоязе рихараб,Нахъа рокъоб бахчунги къватIибе загьирлъулеб,
Загьру гIадаб цоязе, гьоцIо гIадаб цоязе,
Гьаб гIаламго урхъизе Аллагьасго рещтIараб.

Унго мунги тIагIани, тIубан бесдаллъила ракь.
Рокьигин лъикIлъиялъе лъаларо бакI хутIилищ.
Мун тIагIунге, билуге, байрахълъун букIа нижей,
Дур тахиде рахарал рохун гурел гIодичIин.

### САЛАМ ГIАГАРАБ РОСУ

Салам гIагараб росу, гIумру дие кьураб ракь,
ГIаданлъи-намусалъул аслу дие щвараб бакI.
Къваридаб Кьелеб кIкIалин цо-цояз абуниги,
РалъадгIанги гIатIидал ракIал ругезул ВатIан.

ГIатIидал байдабаца мун бечед гьечIониги,
Гьел кIочарал гьветI-рохьалъ берцинлъараб тIабигIат.
ТIогьал зодихъе арал мугIрузул борхалъуда,
Бусдуз, чанил рехьабаз ханлъи гьабулеб тIалъи.

Кьурул парсаз, гохI-щобаз гьарзаяб бугониги, Гьуинал рохьил пихьил нахърател гIадинаб бакI.
Ахикьа нигIматазул заводал гьечIониги,
Гьел кIочарал даруял чIахIгин хурдузул гьамас.

Гьаниса бечелъарал бизнесменал рахъичIо,
Амма гьоболлъиялъе гьал руго олигархал.Бергьараб
гIелмуялъул гIалимзабиги гьечIо,
ГIадан кIодо гьавулеб гIелму буго щивасулъ.

Салам гIагараб росу, гIадатияб жаниб халкъ,
Хирияб, аваданаб, эркенаб дир континент.
Киб бугеб гьаб гIадинаб чIухIи-кьули гьечIеб халкъ,
КечI-хочIалъ куркьбал гьурал,
кьурдиялъ “гьарс”ахIулел.

### ДУР КУЧIДУЗДА КУРКЬБАЛ РУКIА

(ЖабрагIил ХIасановасде)

Аравищ ЖабрагIил алжаналъуве,
Анир мун вохарал къоялго щвечIин.
Щварабищ повестка ГIизраиласул,
ГIазаб ракьалдаго дуца къулчIанин.

Мун вукIана шагIир, щиб бицаниги,
Щвалде гьунар щварав, рагIи камилав.
КечI букIана дуе рекIелгьеялъе,
РукIкIарал къоязе бакараб чирахъ.

Къисматалъ недегьго веэдичIо мун,
Гьелъий гIилла лъалев цо Аллагь вуго,
Амма дур кучIдузда куркьбал рукIана,
Каранлъ расандизе асар гьабулел.

АхIана къосараб заманаялде,
Къинабизе къуват дулъ бугеб гIадин,
Къан борчун рачелгун, бахъун хвалченгун,
ХъвагIазе квешлъаби лъугьунев гIадин.

Кинабго рекIелъа биччана дуца,
БакIлъи дурго унтул добегIанги тун.
Доб цебе замана букIарабани,
Аваразул Пушкин вугин телаан.

Таманча кьвагьичIо, дуэль букIинчIо,
БатIияб батана гIумрудул ахир.
Хинлъиги рокьиги ракьалдаги тун,
Ракьулъе тIерхьана машгьурав шагIир.

■ ЗИГАРА

# Гъазалиев МухIамад Гъазалиевич



**2 февралалъ къокъабго унтудаса хадув, нилъедаса ватIалъана лъикIав инсан, мисалияв нухмалъулев, Гъандихъ гьоркьохъеб школалъул директор Гъазалиев МухIамад Гъазалиевич. РакIбацIцIадго хIалтIи бачарав, киданиги ритIухълъиялъул рачел чучизе биччачIев, лъай-гIакълу камилав, пишацоязе мисаллъун вукIарав МухIамад Гъазалиевас гьаб дунял тей, гIагарлъиялъеги росдаеги гуребги, тIолго районалъего кIудияб ками буго.**

__НИЖЕР БАЯН:__

*Гъазалиев МухIамад гьавуна 1945 соналъ Гъандихъ росулъ.*

*ГьитIинаб къоялдасаго гIемераб захIмалъи бихьарав чи вукIана МухIамад. 12 сон бараладаса, 7 класс росдал школалъулги лъугIизабун, 1963 соналъ Буйнакскиялъул педучилищеялде цIализе ана.*

*1973 соналъ лъугIизабуна ДГУялъул филологияб факультет.*

*1975- 1979 саназ хIалтIана Гъандихъ гьоркьохъеб школалда мугIалимлъун.*

*1979 соналдаса хадув вукIана гьенив директорлъун.*

Гьес нухмалъи гьабулел саназ цIи гьабуна школалъул мина, бана пищеблок, гIуцIана школалда тарихалъулабгун краеведениялъулаб музей, хIадурана Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан Муса МухIамадовасул цIаралда музей ва республикаялдаго машгъураб «Центр традиционной культуры».

Гъандихъ школалъул музеялъе 2018-леб соналъ «Лучший школьный музей» абураб цIар щвана.

2012 соналъ Гъандихъ школалъ республикаялъул даражаялда тIобитIараб «Этнокультурная школа» абураб конкурсалда ккуна тIоцебесеб бакI.

Гъазалиевас къватIибе биччана 4 тIехь, жамгIиялгун тарихиял темабаздасан рикIкIен гIемерал макъалаби. Дагъистаналъул мустахIикъав мугIалим, ДРялъул мустахIикъав насихIатчи, РФялъул краеведазул Союзалъул член, РФялъул журналистазул союзалъул член МухIамад Гъазалиевасе 2010 соналъ щвана РФялъул Президентасул грант «Культура и традиции народов Дагестана» тIехьалъухъ. КIудияб кIвар кьолаан гьес миллиябгун тарихияб ирс ликаялъулал краеведениялъулал олимпиадабазда ва «Шаг в будущее» конференциялда 15 призалъулаб бакI.

ХIадурун букIана къватIибе биччазе 8-леб классалъе КТНДялъул тIехь, методическое пособие(амма печаталде инчIого хутIана). Цойги буго Гъазалиевас 40 соналъ тIад хIалтIи гьабураб, къватIибе биччазе гуреб хутIичIеб "Гъандихъ росдал тарих" абураб тIехь. Гъазалиевасул анищлъун букIараб гьеб иш гIагараб заманалда жаниб рагIалде бахъизе батила.

Гъваридаб пашманлъиялъулаб зицIуниялъе. Гьесул нухмалъиялда гьоркь чанго чIахIиял лъикIал тадбирал гIуцIана росулъ.

МухIамадил нухмалъиялъул заманалда жаниб 44 выпуск къватIибе биччана школалъ. Гьелда гьоркьоса 20 соналъул болжалалда Гъандихъ школалъул цIалдохъабаз босана республикаялъул даражаялда тIобитIарал



Гъазалиевас къватIире риччарал тIахьал

гара балеб буго МухIамадил хъизанрукъалда, тIолабго гIагарлъиялда ва росуцоязда. Къадруялда гIумру тIамурав, унго-унгояв мугIалим, мисалияв районцояв МухIамад Гъазалиевасул цIар абадиялъго хутIила рехсолеб районцояз.

**Райадминистрация ва редакция**



Школалъул цIалдохъабигун

■ СПОРТ

# Шималияб Кавказалда тIоцевесев

**Нилъер ракьцояв, ТIелекь росулъа Мирзаев МухIамадгIарипил спортивияб нухалъул бицараб материал райгазеталдаса къватIибе ун букIаниги, бицен гьабизе бокьун буго гьесул иргадулал бергьенлъабазул.**



ЧIор речIчIиялъул къецазда М-ГI. Мирзаевас гIахьаллъи гьабулеб буго 2015 соналдаса нахъе. 2018 соналда гьесие кьуна спорталъул мастерасул цIар. 2022 соналда-халкъазда гьоркьосеб спорталъул мастерасул цIарги.МухIамадгIарип гьеб тIадегIанаб цIаралъе мустахIикълъана Орел, Самара, Нижний Новгород, Железноводск, Белгород, Волгоград шагьаразда, Калуга областалда, Алтай краялда, Бурятиялда, Крым республикаялда ва Белоруссиялъул Гродно шагьаралда тIоритIарал чIор речIчIиялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосел турниразда росарал тIоцересел бакIазухъ. МухIамадгIарип ккола Шималияб Кавказалда халкъазда гьоркьосеб спорталъул мастер цIар босарав спортсмен.

Дагъаб цебегIан МахIачхъала шагьарул мэриялда букIараб данделъиялда, МухIамадгIарип Мирзаевасул хIасилазе тIадегIанаб къиматги кьолаго, шагьаралъул мэр Юсуп Умавовасул рахъалдаса гьесие кьуна къиматаб сайигъат ва вихьизавуна чIор речIчIиялъул рахъалъ 2023 соналъул бищун лъикIав спортсменлъун.

Нилъер ракьцоясе гьарула хадурккунги чIахIиял бергьенлъаби

# МагIарухъ цIияб спорт

**Дагъал церегIан къояз Хунзахъ росулъ тIобитIана хоккеялъул рагъараб чемпионат. Гьенир гIахьаллъана мугIрузул районазул росабалъа командаби. Исанасеб, лъабабилеб нухалъ тIобитIулеб къецалъе, спонсорасулаб кумек гьабуна Пачалихъалъулаб Думаялъул депутат Сайгидпаша ГIумахановас.**

Берцинаб, гъира базабулеб хIай бихьизабуна киналго командабаз. Амма бищун гIемер болельщикал ракIарана Хунзахъ росдал ва нилъер районалъул Зивуриб росдал командабазул финалалъулаб хIаялде. ХIалуцараб къецалда бергьенлъи босана Хунзахъ росдал командаялъ, кIиабилеб бакI щвана Зивуриб командаялъе ва лъабабилеб бакI босана Хунзахъ районалъул Гъонохъ росдал командаялъ.

Дагъистаналда машгъураблъун гьечIониги, заманалдаса гьеб хIаялъулъ жеги церетIеял рукIиналда щаклъи гьечIо.

**Давуд ДАВУДОВ**




# ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР

МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов
ГI.ХIасанова

ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ
МухIамад ХIамзатов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамил районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана "ЦIияб канлъи" ва "БагIараб цIва" абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул "ГУП РГЖТ" типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталь кьимат кьезелъун. Нижер электрониябпочтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50